



Pou Piblikasyon Imedya: 18/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU SIKLÒN FIONA

"New York ak Pòtoriko pataje yon lyen espesyal, epi mwen konnen anpil Nouyòkè gen sousi pou sekirite ak byennèt zanmi ak moun yo renmen yo ki kounye a sou zile a pandan Siklòn Fiona. M ap priye pou moun Pòtoriko yo epi tou panse mwen yo ale jwenn kominote Pòtoriken nou an isit la nan New York.

Avèk inondasyon, glisman labou ak blakawout yo prevwa, kondisyon yo trè danjere epi mwen ankouraje tout moun pou yo rete an sekirite epi koute enstriksyon otorite lokal yo. Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la ap kontwole tanpèt la ak anpil atansyon epi yo pral kapab rapidman deplwaye asistans si gouvènman federal la ak Pòtoriko mande sa. New York ap toujou kanpe ak sipòte Pòtoriko."

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)